



# KU “NOTARISE” MAGWARO NA NOTARY PUBLIC

PA ATTORNEY GENERAL’S CHAMBERS



## ZVINO FANIRA KUTEVEDZERWA NE RUZHINJI



## Sei zvakakosha ku “notarise” magwaro?



- Notarise inzira yekusimbisa magwaro ane humboo huri pamutemo uye nekudzivirira huori.
- Zvinosimbisa kucherechedzwa kwemunyori we siginicha pamagwaro/gwaro zviri pamutemo.
- Zvinoratidzawo zvekare kuti muzvina siginicha (chipangidzo) haana kumanikidzirwa panguva yechiitiko.
- Zvinopa huremu nehumboro hunocherechedzwa nemabazi ehurumende panyaya kana pamagwaro ane chekuita ne mitemo yenyika.



## Chii chinonzi Notarise ne Notarial Act?

- Notarial act chiitiko chekusimbisa hururami hwe magwaro/gwaro na Notary Public zviri pamutemo.
- Notary Public i gweta (lawyer) rinomirira Attorney General's Chambers muhurumende ye Falkland Islands. Notary Public anopa chapupu pamunonyora siginicha yenyu pamagwaro/gwaro. Anovimbisawo zvekare kuti magwaro/gwaro enyu ndeekokwadi.
- Notary Public anonyora siginicha yake pa setifiketi (certificate). Setifiketi iri rinenge riine tsanangudzo yechikonzero che notarisatation ne chitambi chine simbiso yake.
- Magwaro/gwaro enyu anobatanidzwa pamwe chete ne setifiketi ra Notary Public. Notary Public anoisawo zvekare chitambi che hurumende ye Falkland Islands Government.

## Chii chinonzi Apostille?



- “Apostille” i setifiketi rinobatanidzwa pamwe chete nemagwaro enyu uye rinoshandiswa munyika dzakanyorerana chibvumirano che “Hague Convention, 1961”. Falkland Islands imwe yenyika iri muchibvumirano ichi.
- Mushure mekunge huchapupu hwa Notary Public hwazadzikiswa, His Excellency Governor of the Falkland Islands, vanonyora siginicha yavo pa Apostille. Siginicha ya Governor chiratidzo chinozadzikisa zviri pamutemo basa rinenge raitwa Notary Public rekukunyorera Apostille. Chiitiko ichi chinodaidzwa nezita rekuti “Legalisation”. “Legalisation” kusimbisa zviri pamutemo zvinoita kuti pasave nekupokana kana huori muzvinyorwa ne siginicha zviri pamagwaro enyu.
- “Legalisation” inobatsirawo zvekare kuti magwaro enyu ave anocherechedzwa zviri pamutemo munyika dzakanyorerana chibvumirano che “Hague Convention, 1961”



# Hague Convention: Mazita enyika dzakanyorerana chibvumirano

**Papeji inotevera, pane mazita enyika dziri pasi pe chibvumirano che Hague Convention. Nyika idzi dzinocherechedza “apostille” segwaro rinopa mvumo uye simba pasi pe bumbiro re mitemo ye hurumende.**

Zvinangwa zve Hague Abduction Convention;

kudzivirira mwana wechidiki, pasi rose, muhubatwa uye ne kubvutwa nemubereki achienda kana kugara naye munyika isiri yechizvarwa chake

inokurudzira uye kusungira hurumende dzenyika dziri muchibvumirano che Hague Abduction Convention kudzorera mwana wechidiki anenge ari muhubatwa kana abvutwa nemubereki, kunyika yake yechizvarwa kana yaanogara panguva dzose nekuchimbidza

inorongawo uye kupa kodzero izere ne mvumo kumubereki mukana wekuve nemwana wechidiki zviri pasi pe bumbiro re mitemo ye hurumende\*.

\*Bumbiro re mitemo ye hurumende inenge iri mitemo inoshandiswa ne nyika yega yega. Semufananidzo; “apostille” inocherechedzwa zviri pasi pemitemo ye hurumende ye Falkland Islands.

- **Albania**
- **Andorra**
- **Antigua and Barbuda**
- **Argentina**
- **Armenia**
- **Australia**
- **Austria**
- **Azerbaijan**
- **Bahamas**
- **Bahrain**
- **Barbados**
- **Belarus**
- **Belgium**
- **Belize**
- **Bolivia**
- **Bosnia and Herzegovina**
- **Botswana**
- **Brazil**
- **Brunei Darussalam**
- **Bulgaria**
- **Burundi**
- **Cape Verde**
- **Chile**
- **China, People's Republic of (Hong Kong & Macao Only)**
- **Colombia**
- **Cook Islands**
- **Costa Rica**
- **Croatia**
- **Cyprus**
- **Czech Republic**
- **Denmark**
- **Dominica**
- **Dominican Republic**
- **Ecuador**
- **El Salvador**
- **Estonia**
- **Fiji**
- **Finland**
- **France**

- Georgia
- Germany
- Greece
- Grenada
- Guatemala
- Guyana
- Honduras
- Hungary
- Iceland
- India
- Ireland
- Israel
- Italy
- Japan
- Jamaica
- Kazakhstan
- Korea, Republic of
- Kosovo
- Kyrgyzstan
- Latvia
- Lesotho
- Liberia
- Liechtenstein
- Lithuania
- Luxembourg
- Malawi
- Malta
- Marshall Islands
- Mauritius
- Mexico
- Moldova, Republic of
- Monaco
- Mongolia
- Montenegro
- Morocco
- Namibia
- Netherlands
- New Zealand
- Nicaragua
- Niue
- North Macedonia, Republic of
- Norway
- Oman
- Palau
- Panama
- Paraguay
- Peru
- Philippines
- Poland
- Portugal
- Romania
- Russian Federation
- Saint Kitts and Nevis
- Saint Lucia
- Saint Vincent and the Grenadines
- Samoa
- San Marino
- Sao Tome and Principe
- Serbia
- Seychelles
- Slovakia
- Slovenia
- South Africa
- Spain
- Suriname
- Swaziland
- Sweden
- Switzerland
- Tajikistan
- Tonga
- Trinidad and Tobago
- Tunisia
- Turkey
- Ukraine
- United Kingdom of Great Britain and Northern Ireland
- Uruguay
- Uzbekistan
- Vanuatu
- Venezuela





## Zvamunosungirwa kuita:

- Tumirai email kana kuridza runhare kuma hofisi eve Attorney General's Chambers. Ve Attorney General's Chambers vachakupai zuva nenguva dzamunofanira kusvika pamahofisi avo.

## Musati mauya kuma hofisi nenguva dzamunenge makatarisirwa, sanotumirai:

- Makopi emagwaro amunoda ku "Notariser". Kana magwaro enyu akanyorwa muchi Shona kana Ndebele, munosungirwa kutumirawo zvekare magwaro akaturikirwa mururimi rwe Chirungu.
- Makopi e chitupa kana pasipoti yenyu.
- Magwaro e nhungamiri ye Notarial Act yamunenge makapihwa.

## Zvamunouya nazvo musi we appointment (zuva nenguva dzamunenge makatarisirwa)

- Makopi emagwaro anodiwa uye pamusoro pazvo kopi imwe chete yamuchasiya pa mahofisi a Attorney General's Chambers kuitira ma records avo.
- Chitupa, rezinesi rekutyaira motokari (driver's license) kana pasipoti yenyu.
- Mari; ingave cheki (cheque), cash kana transfer slip ye Standard Chartered Bank (verengai pa pegi yekutanga).

## Ve Attorney General's Chambers vano:

- Tsikisa setifiketi rinonyorwa signicha na Notary Public.
- Kana pachidiwa gwaro re "Apostille" rine "Public Seal" tinoritsikisa zvekare uye rinenge riine signicha ya "His Excellency the Governor".
- Kubatai parunhare kana kukutumirai email kuti muuye kuzitora magwaro enyu.
- Chengeta kopi kuitira ma records avo.

## £ Imarii:

Mutengo we Notary pamwe chete ne Apostille i £36  
Mutengo we Notary i £26 uye pamusoro pazvo 50p  
pa kopi yega yega



## Tinowanikwa kupi?

Pa Attorney General's Chambers.  
(Muhofisi ine ruvara ruchena kuseri kwe  
Secretariat Building).



**Tibatei:**

**Parunhare: 28460**

**Kana Email:**



[AGOffManager@sec.gov.fk](mailto:AGOffManager@sec.gov.fk)  
or [legalsuppoff@sec.gov.fk](mailto:legalsuppoff@sec.gov.fk)

Kubva ku Attorney General's Chambers, August 2021  
Chibhuku chinotsanagudza muchidimbu zvinofanira kutevedzerwa pasi  
pemitemo ye Falkland Islands.

Kana muchida tsanangudzo nedudziro zvizere, taurai ne ve Attorney  
General's Chambers.